

Kisa NYSCB ye?

Komisyon pou Avèg yo ki nan Vil Nouyòk (NYSCB) ede moun k ap viv nan Eta Nouyòk ki gen tout laj ki avèg dapre lalwa oswa ki alafwa soud ak avèg yo, pou yo viv yon fason endepandan e pou vi yo gen sans lè l ba yo konsèy nan domèn pwofesyonèl, lè l defann yo, lè l ba yo fòmasyon k ap ede yo reprann aktivite yo ak sèvis nan kesyon travay.



Yon timoun ki chita sou yon tab, ki met yon mayo wouj e k ap li yon liv Bray.

Pwogram NYSCB yo

Pwogram pou Travay

Yon konseye ki la pou ede moun reprann yo nan domèn pwofesyonèl ka ede w mete yon plan sou pye epi jwenn fòmasyon w bezwen pou w atenn objektif ou nan kesyon travay.

Pwogram Job Save

Si w ap travay e dapre lalwa, ou avèg oswa yo dekouvri dapre lalwa ou gen pou w avèg nan yon lane, ou la kalifye pou sèvis Job Save ap bay yo. Yon konseye ki la pou ede moun reprann yon nan domèn pwofesyonèl ka fè aranjman pou w jwenn sèvis pou pwoblèm je ak travay ki ka pèmèt ou kontinye bay bon rezilta nan travay ou.

Pwogram Antrepriz Komèsyal (BEP)

Si w se yon sitwayen ameriken ki ta renmen nou jere pwòp gichè ou genyen pou w bay jounal, restoran kolasyon, kafeterya oswa machin otomatik k ap vann pwodui, BEP bay fòmasyon pou w ka gen lisans e pou w ka fonksyone, e yo toujou disponib pou bay sipò tou.

Pwogram pou Moun Viv Endepandan/Moun Aje

Si w se yon granmoun ki vle viv pi endepandan posib, men w pa entèrese nan travay, NYSCB gen pwogram ki koresponn ak kapasite w genyen pou w pran swen kay ou, fè trajè w gen pou w fè san pwoblèm epi rete an kontak ak fanmi w ak zanmi w.

Pwogram pou Timoun

Pitit ou ka resevwa sèvis lakay ou, nan kominote w ak nan ajans ki la pou ede moun reprann aktivite yo. Konseye pou timoun nan bay konsèy nan domèn edikasyon ak lòt sèvis, aranjman pou metye, sèvis defans ak gid pou fanmi.

NYSCB

Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan sèvis yo, rele:
1-866-871-3000 oswa ale sou sit entènèt nou an ki se: visionloss.ny.gov



NYSCB fè pati Biwo Ki Responsab Sèvis pou Timoun ak Fanmi ki nan Eta Nouyòk la.



Sèvis ki dekri nan bwochi sa yoresewa finansman, an pati, nan lajan federal yo ki disponib grasa Ministè Edikasyon Etazini nan kad pwogram ki ede moun Reprann Aktivite Pwofesyonèl yo (VR), Sèvis Akonpayman nan Kesyon Travay, Sèvis Pou Aprann Viv Endepandan Pou Moun Aje ki Avèg (OIB).

Nan kad pwogram VR la, sibvansyon Federal VR la peye 78.7% nan montan total pwogram nan.

Nan ane fiskal federal la (FFY) 2021 an, ajans VR la te resevwa \$24 milyon kòm finansman VR federal. Lajan sa a te koresponn a 21.3% nan sous ki pa federal yo.

Ann amoni ak Lwa konsènan Ameriken ki gen Andikap yo, Biwo Ki Responsab Sèvis pou Timoun ak Fanmi ki nan Eta Nouyòk la ap mete dokiman sa a disponib nan yon fòm moun ka li, fòm w prefere a lè w mande sa.

Nou sèvi ak moun yo pou nou ka bay esplikasyon sèlman.

PUB. 505-HC (03/2023)



YON MANYÈL ENFÒMASYON KONSÈNAN SÈVIS YO



Yon moun majè ki kanpe, ki gen yon linèt solèy nan je l e ki gen yon vès woz sou li, ki kenbe yon baton blan ki long.

POU MOUN KI AVÈG

posibilite pou w wè

viv • travay • grandi



Nan Sèvis Yo W ap Jwenn:

- Fòmasyon sou konpetans pou lavi chak jou
- Fòmasyon pou deplasman
- Egzamen pou moun ki pa wè byen sipò
- Èd Sosyal
- Mwayen ki disponib nan kominote a
- Konsèy sou avantaj sosyal
- Defans
- Kou Bray
- Sèvis entèprèt pou moun ki alafwa soud ak avèg
- Konpetans nan domèn Kominikasyon
- Materyèl ki adapte ak pwoblèm ou an
- Fòmasyon pou teknoloji ki la pou bay sipò
- Fòmasyon nan enfòmasyon
- Gid nan domèn edikasyon ak sipò
- Lòt sèvis nan domèn edikasyon
- Èd pou kenbe travay ou jwenn nan
- Konsèy ak èd nan domèn pwofesyonèl
- Fòmasyon anvan w chwazi metye
- Fòmasyon nan kesyon travay
- Preparasyon pou mache travay la
- Opòtinite pou fè eksperyans travay
- Èd pou w jwenn travay



Yon moun k ap sèvi ak yon aparèy ki jwe liv odyo.

Fason pou w aplike:

Pou plis enfòmasyon oswa pou w aplike pou sèvis ki disponib nan NYSCB yo, rele nan nimewo gratis nou an ki se: 1-866-871-3000 -oswa- Ale sou sit entènèt nou an ki se: visionloss.ny.gov

Ou ka kontakte biwo NYSCB nan zòn ki pi pre w:

Albany—NYSCB

Albany District Office
52 Washington St.
Room 202 South Bldg.
Rensselaer, NY 12144
Telefòn: (518) 473-1675

Syracuse—NYSCB

The Atrium
100 S. Salina St., Suite 105
Syracuse, NY 13202
Telefòn: (315) 423-5417

Buffalo—NYSCB

Ellicott Square Building
295 Main St., Suite 590
Pou lapòs: Suite 545
Buffalo, NY 14203
Telefòn: (716) 847-3516

Rochester—NYSCB (Biwo ki lwen)

Monroe Square
259 Monroe Ave., Suite 303
Rochester, NY 14607
Telefòn: (585) 238-8110



De granmoun ki nan yon estasyon tren. Youn ap gide lòt la, ki kenbe yon baton blan ki long.

Kiyès ki kalifye?

Nenpòt moun ki abite nan Eta Nouyòk ki avèg dapre lalwa oswa ki alafwa soud ak avèg ka kalifye pou sèvis ki disponib nan Komisyon pou Moun ki Avèg nan Eta Nouyòk (NYSCB).

Lè yon moun Avèg Dapre Lalwa, sa vle di:

- Kapasite pou moun sa a wè nan nivo 20/200 oswa pi ba nan je ki miyò a oswa pifò nan ak pi bon koreksyon, oswa
- Yon nivo vizyon 20 degre oswa mwens nan je ki miyò oswa pifò a.

Tanpri kontakte NYSCB pou w jwenn èd pou w konnen si w kalifye

Westchester—NYSCB

117 East Stevens Ave., Suite 300
Valhalla, NY 10595
Telefòn: (914) 993-5370

Harlem—NYSCB

Adam Clayton Powell Jr.
State Office Bldg.
163 West 125th St., Suite 1315
New York, NY 10027
Telefòn: (212) 961-4440

Lower Manhattan—NYSCB

80 Maiden Lane, Suite 401
New York, NY 10038
Telefòn: (212) 825-5710

Garden City—NYSCB

711 Stewart Ave., Suite 210
Garden City, NY 11530
Telefòn: (516) 743-4188